



**Rapò Konsèy Edikasyon la
9 fevriye 2024**




MIZAJOU KONSEY EDIKASYON LA

Ki soti nan biwo doktè Alexandra Estrella, Siwentandan
9 février 2024

BIWO SIWENTANDAN

Mesaj Siwentandan pou Mwa Fevriye a




Klike [la](#) pou li mesaj doktè Estrella pou mwa fevriye a.


EKSELANS, EKITE AK ENKLIZYON

Tès ak Responsabilite

Math: % Met/Exceeded Projected Growth
Fall to Winter 2022-23 & 2023-24



Reading: % Met/Exceeded Projected Growth Fall to Winter 2022-23 & 2023-24



Yo te evalye rezulta sezon ivè yo pou NWEA ak DIBELS ak lidè distri yo. Analiz la gen ladan reyalizasyon NWEA ak pwogrè soti nan sezon otòn jiska sezon ivè a. Yo te prezante rezulta NWEA yo bay Konsèy Edikasyon an nan [Reyinyon 6 fevriye a](#). Pwogrè nan matematik ant sezon otòn nan ak sezon ivè a te bon anpil. Pwogrè nan lekti te pi wo pase mwayèn nasyonal la.

Yo pral bay fanmi yo Rezulta endividiyèl elèv yo pou NWEA ak DIBELS nan mitan mwa fevriye a. Yo kontinye sipòte lidè lekòl yo pandan y ap evalye rapò yo sou pòtay NWEA a. Anplis rapò NWEA yo sou Entènèt, Direktè yo pral resevwa yon seri rapò entèn selon klas ak gwo sougwoup yo. Biwo Pwogram lan te resevwa estimasyon lekòl dete yo selon NWEA ak DIBELS sezon ivè yo. Yo pral itilize estimasyon sa yo pou yo fè planifikasyon.

Rechèch ak Analiz




Given the work we have focused on this year, if you had to select 2 competencies for us to focus on for next year, what would they be?

Why?



10

Ekip Rechèch ak Analiz la ap analize komantè sou pwojè konpetans yo ki gen ladan Pòtre yon Moun ki Diplome. Direktè, Asistan Direktè ak Antrenè Pedagojik yo te bay opinyon atravè yon aktivite pandan reyinyon yo semèn sa a. Anplwaye NPS yo, paran yo ak manm kominote yo te bay opinyon yo sou konpetans yo atravè yon sondaj sou Entènèt. Yo pral itilize rezulta sa yo pou ranfòse langaj yo itilize pou dekri konpetans yo epi chwazi ki konpetans yo pral aplike an premye. Yo pral prezante yon mizajou bay konsèy la pandan reyinyon mwa mas la.



Nan patenarya ak CT RISE Network, ekip la te lanse yon seri travay ki konsantre sou garanti elèv nou yo pare pou apre yo fini lekòl segondè. Premye kominote pratik la te rasanble ekip ki soti nan tout kat lekòl segondè yo pou analize rezulta yon sondaj elèv ki nan klas 11yèm ane yo. Sondaj sa a elèv anvan dènye ane lekòl segondè te konplete a 93% an, te idantifye objektif yo pou apre lekòl segondè aktyèl yo, karyè yo ta renmen egzèse, estati 1ye jenerasyon an, ak entansyon pou konplete Aplikasyon Gratis pou Èd Federal pou Elèv la (Free Application for Federal Student Aid, FAFSA). Avèk done sondaj sa a, lekòl yo pral kapab pi byen sipòte elèv yo pou yo ka atenn objektif sa yo. Se premye ane tout kat(4) lekòl segondè yo patisipe nan travay pou apre lekòl segondè sa yo.

Kominikasyon

Lyen Rapid

Elèv CGS yo ale Sengapou ak Kata pou Vizit Etid

Keep Norwalk Beautiful Òganize Evènman sou Ranmasaj Fatra nan Cranbury

Konkou Redaksyon Nabe a sou Sijè 'Lè Yon Moun pale 2 Lang'



Doktè Estrella ak Direktè Yesenia Paredes dènyèman te selebre elèv klas twazyèm ane Reisli Maldonado Quintero ki nan lekòl Silvermine dèske li te atenn premye-plas nan Konkou Redaksyon Nabe a sou Sijè 'Lè Yon Moun pale 2 Lang' nan nivo lekòl primè a! Yo te envite l ak fanmiy li nan Konvansyon Nasional Nabe mwa pwochen an kote li pral li redaksyon li, "My Superpower."

Klike la a yo gade selebrasyon an

Klike la a pou li redaksyon l lan.

Gradyasyon nan Twilight Academy



Norwalk Public Schools te selebre gradyasyon 15 elèv ki soti nan Twilight Academy an nan dat 31 janvye. Seremoni gradyasyon an te fèt nan Norwalk Inn lan epi li te gen elèv ki t ap resevwa diplòm lekòl segondè yo ki soti nan Brien McMahon ak Norwalk High.

Ekspozisyon Lekòl Primè



Plis pase 450 moun te asiste Ekspozisyon Lekòl Primè a ane sa a pou aprann plis sou 13 lekòl primè nou yo. Chak lekòl te fè yon bèle prezantasyon kote yo te mete aksan sou sa a ki fè yon lekòl espesyal epi diferan pase lòt yo. Soti nan Swans ale nan Minecraft, ekspozisyon sa a te gen tout bon bagay yo!

[Klike la pou wè tout bagay ki pi bèl nan ekspozisyon an.](#)

Semèn Konsèy nan Lekòl Nasyonal



John Castelluzzo
School Counselor
Center for Global Studies



"My most impactful memory serving as a school counselor was when, at an end of year CGS student awards assembly in 2018, a group of seniors presented me on stage with a giant 'thank you' card signed by all of them with personal notes of gratitude and a glass apple with my name on it to show their appreciation for my time working with them. This was a great reminder of why I entered the school counseling profession in the first place."

#WeAreNPS

Nou ap atire atansyon sou senk manm nan ekip ekstrawòdinè konsèy lekòl nou an semèn sa a pandan n ap onere Semèn Nasyonal Konsèy Lekòl la.

Konseye lekòl nou yo se edikatè ki resewva fòmasyon nivo Metriz epi ki gen lisans ki gen konpetans, konesans, ak ekspètiz pou sipòte epi devlope kapasite akademik, pwofesyonèl, ak byennèt sosyal oswa emosyonèl elèv yo. Yo se moun ki gen konpasyon ki konsantre sou lòt moun, souvan plis pase tèt pa yo. Yo se moun ki la pou rezoud pwoblèm ki chèche nouvo fason pou jwenn solisyon ki adapte pou elèv yo.

Klike la a pou li plis.

Bidjè pou Ane Fiskal 2024-2025

Bidjè ane pwochèn nan sou ajanda prèske chak reyinyon lameri semèn pwochèn. Majistra a ak Direktè Finansye a (Chief Financial Officer, CFO) vil la pral prezante bidjè yo rekòmande a bay Konsèy Estimasyon ak Taksasyon an, Konsèy Komen an ak Komite Finans ak Reklamasyon an.

Nou vle ankouraje fanmi ak kominate nou yo pou yo defann demann bidjè Norwalk BOE a nan odyans publik Komite Finans ak Reklamasyon an jedi k ap 15 fevriye a 6 p.m.

Yon kalandriye konplè pou pwochen reyinyon sou bidjè yo ak plis enfòmasyon konsènan bidjè a disponib sou sit entènèt Bidjè 2024-2025 NPS la.

Sizoka Ou Pa Te La

Apresyasyon Pwofesè nan Norwalk High School (VIDEO)



My Sister's Keeper Reflechi sou "The Color Purple"

(Ale gade nan paj Facebook ak Instagram nou an pou jwenn plis refleksyon pandan tout mwa a)



All-City Honors High School Orchestra (VIDEOS)



- [All-City Honors High School Orchestra \(Pèfòmans konplè\)](#)
- [All-City Honors High School Orchestra \(Visions of the Sky\)](#)
- [All-City Honors High School Orchestra \(Symphony No. 25 in G Minor\)](#)

Plis Ti Videos NPS yo!

Pa blyie gade fim [kout NPS yo \(VIDEO\)](#).

- [100yèm Jou Lekòl](#)

Klèb Lekti Siwentandan an - “The Year We Learned to Fly” (VIDEO)



Dat Enpòtan

Soti 19 pou Rive 23 Fevriye - Jou Prezidan yo/Vakans Mwa Fevriye a (Pa Gen Lekòl; Biwo Santral la ap Fèmen 19 ak 20 Fevriye)

Pwochen Evènman yo

Seminè sou Devlopman Pwofesyonèl pou Fanmi NPS yo ki gen 18 ane oswa plis

Mèkredi 14 fevriye soti 4:30 pou rive 5:15 p.m.

NPS Family Center, 1 Park St. in Norwalk

NPS Workforce Development pral òganize yon atelye pou manm fanmi NPS ki gen plis pase 18 an mèkredi 14 fevriye a.

Vin Aprann sou Opòtinite Aprantisaj ak Fòmasyon, Of Travay, ak Anrichisman Konesans pandan Tout Ane. Epitou a atelye a pral anseye patisipan yo kijan pou yo navige sou sit entènèt Devlòpman Pwofesyonèl NPS la pou chèche opòtinite ki ka enterese yo. Y ap mete aksan sou pwogramasyon ki disponib aktyèlman la tou.

[Enskripsiyan an obligatwa. Klike la pou enskri.](#)

Festival NPS Istwa Nwa yo.

Jedi 29 fevriye soti 5:30 pou rive 8 p.m.

Brien McMahon High School, 300 Highland Ave. in Norwalk

Vini patisipe ak nou nan dezyèm Festival Istwa Nwa yo Chak Ane nou an! Ane sa a, n ap selebre tèm nasyonal "Ameriken Nwa yo ak Atizay." Nan sware a, yo pral prezante pèfòmans ak prezantasyon sou elèv nou yo ki mete aksan sou kontribisyon ekstrawòdinè epi ki gen anpil enspirasyon Nwa Ameriken yo ofri epi selebre kominate Nwa lokal nou an nan Norwalk.

"The Colors of Frida/Los Colores de Frida"

Vandredi 15 mas a 6 p.m.

Jefferson Marine Science Elementary School, 75 Van Buren Ave. nan Norwalk

NPS Family Center envite fanmi yo vin gade "The Colors of Frida/Los Colores de Frida" Teatro Sea ap prezante vandredi 15 mas la. Admisyon an GRATIS!

"The Colors of Frida/Los Colores de Frida" se yon fim nan 2 lang sou gran atis pent Meksiken Frida Kahlo. Li konbine tire kont, mizik, atizay vizyèl ak maryonèt.

[Klike la pou rezève plas ou.](#)

PWOGRAM, ENSTRIKSYON YON APRANTISAJ ESPESYALIZE

Syans Imanité

Depatman Syans imanité ap devlope sik sipò pou Syans Sosyal ki pral sipòte pwosesis rechèch nan nivo lekòl entèmedyè. Chanjman sa a pou adopte yon modèl ki baze sou rechèch pral yon bagay nouvo pou anpil pwofesè. Elèv yo pral abòde materyèl ak sijè yo menm jan ak yon istoryen. Yo pral fè rechèch ki pwofon nan dokiman sous prensipal ak dokiman sous segondè yo pandan y ap travay pou yo kreye pwòp konpreyansyon pa yo sou evènman istorik yo.

Kòm peryòd egzamen yo fini, n ap analize done yo epi kominke ak direktè yo ki ka bezwen plis sipò nan lekòl pa yo. Nou te idantife yon kònpetans ki enpòtan anpil elèv yo bezwen plis ekspoze ak yo epi yo plis bezwen pratike.

Finalman, nou kòmanse ekri edisyon Fevriye Curriculum Corner a ki pral konsantre sou angajman.

Matematik/STEM

Pandan de (2) semèn ki sot pase yo, depatman an te analize done, reflechi sou dènye 100 jou aplikasyon pwogram yo, epi prepare pou aprantisaj pwofesyonèl pou mwa mas la ak planifikasyon pou ane pwochèn.

Done Mitan Ane yo (Middle of Year, MOY) ak yon kontwòl sou fason pwogram nan ap mache nan lekòl yo te pouse nou fè konvèrsasyon sou selebrasyon ak sipò pou dirijan lekòl yo ak antrenè yo. N ap pran lòt done sou kèk domèn espesifik nan nivo klas, sitou nan klas 5yèm ane, pandan n ap konsidere amelyorasyon nan pwogram yo ki ka nesesè. Anplis de sa a, pwofesè nan Sante, Syans, ak Antrenè Matematik nan lekòl segondè yo ap travay nan tèt kole avèk nou pou planifye ansanm epi apresa aplike aprantisaj pwofesyonèl pou lekòl entèmedyè yo nan dat 14 mas ak lekòl segondè yo nan dat 21 mas. Pou Sante ak Syans, tout sesyon sou aprantisaj pwofesyonèl sa a pral konsantre sou aplikasyon program, seleksyon resous, epi pèmèt pwofesè yo bay opinyon yo. Yo toujou ap planifye Matematik ak Edikasyon Fizik.

Elèv K ap Aprann Plizyè Lang

Depatman Elèv K ap Aprann Plizyè Lang te kòmanse premye analiz relvednòt Elèv K ap Aprann Plizyè Lang yo nan gwoup elèv 2025 lan nan tèt kole ak depatman Konsèy la. Evalyasyon sa a pral ede konseye lekòl yo pran desizyon sou orè pou elèv yo.

Enskripsyon pou ane lekòl 2024-2025 la te kòmanse 1ye fevriye! Aktyèlman la a, nou gen 143 aplikasyon enskripsyon pou elèv matènèl pou pwochen ane lekòl la. Family Center a ouvri lendi jiska vandredi pou ede fanmi yo ak enskripsyon ak dokiman ki nesesè pou enskripsyon yo.

Devlopman Pwofesyonèl

Yo te òganize yon Atelye sou Devlopman Pwofesyonèl nan BMHS & CGS pou Elèv Premye Ane ak Elèv Dezyèm Ane. Yo te demonstre seri Sit Entènèt Devlopman Pwofesyonèl la pou reprezantan RISE nou an, kowòdonatè andeyò distri nou yo, Travayè Sosyal yo, ak estaf Family Center a. Estajyè NPS yo ap travay sou dokiman pa yo, fòmasyon yo, epi yo kòmanse jwenn dat pou yo kòmanse yo. N ap fè chanjman nan pwosesis estaj NPS la sou plan teknik epi n ap rafine l chak jou pou elèv nou yo. Nou te gen yon opòtinite pou nou ekspoze travay nou yo nan Norwalk Public Schools paske sa a gen rapò ak travay nou pou nou sipòte plan estratejik la. NPS, an patenarya ak CT State Norwalk, te òganize yon sesyon Konsèy ak Enskripsyon pou elèv ki nan NHS, BMHS, ak CGS ki te aplike pou pran yon kou Sètifikasiyon nan Devlopman Pwofesyonèl. Komite Ekspansyon Doub Kredi a te lanse sant lesон patikilye pou inivèsite li yo nan chak kampis lekòl segondè epi l ap sèvi elèv ki enskri nan kou inivèsite yo. Sibvansyon Career Z Challenge lan ap kontinye pandan n ap patisipe nan kominote pratik li yo chak mwa ak sesyon diskisyon ki gen rapò ak sijè yo. Mwen fè patenarya ak Red Fashion School nan Norwalk epi mwen pral kreye yon opòtinite kou gratis pou elèv lekòl segondè yo. Perkins Grant nan etap koreksyon an epi li ta dwe pase byento nan etap apwobasyon an.

Konsèy/Sèvis Sipò

Konseye lekòl yo ap prepare pou ede elèv klas 9yèm ane yo chwazi chemen karyè yo pandan seleksyon kou yo. Nou te gen yon sesyon Kominote Pratik RISE ak tout kat (4) lekòl segondè yo pou nou konsantre sou done apre lekòl segondè yo. Te gen yon evalyasyon analiz relvednòt MLL ki te fèt nan Family Center pou pwomosyon 2025 lan, ki pèmèt anplwaye yo fè adaptasyon ki nesesè nan orè elèv yo selon kredi yo jwenn yo. Konseye Lekòl matènèl rive nan 12yèm ane te patisipe nan Fòmasyon "Psychological First Aid"(Premye Swen Sikolojik) pou Devlopman Pwofesyonèl. Travay la kontinye nan SHAPE Assessment nan patenarya ak Child Health and Development Institute (Enstiti Sante ak Devlopman Timoun). Elèv anvan dènye ane lekòl segondè yo te fini Sondaj Junior pa yo a nan mwa janvye a pou yo pataje fòmèlman plan yo apre lekòl segondè yo. N ap selebre Semèn Nasyonal Konsèy Lekòl soti 5 fevriye pou rive 9 fevriye 2024! Tèm semèn sa a se "Konsèy Lekòl la: Yo

pral selebre Estanda, ki Konsantre sou Elèv," pou atire atansyon piblik la sou kontribisyon san parèy konseye lekòl yo nan sistèm lekòl Etazini yo.

Aprantisaj Espesyalize

Depatman Aprantisaj Espesyalize a okipe nan analize done pou enfòme travay nan lavni pou atenn objektif depatman ki gen rapò ak koyerans sistèm yo, chanjman nan mantalite ki gen rapò ak enklizyon, ak ogmante enklizyon atravè konsèp edikasyon espesyal se yon sèvis, li pa yon kote. Espesyalman, Eta Connecticut te divilge Rapò Pèfòmans Anyèl sou Edikasyon Espesyal ki te pibliye semèn sa a epi ki disponib [la](#).

Tout Depatman Aprantisaj Espesyalize a te patisipe nan reyinyon depatman yo semèn sa a kote ekip yo te revize tout objektif ak inisyativ mitan ane yo. Pwofesè edikasyon espesyal yo ak founisè sèvis edikasyon espesyal yo pral fè evalyasyon mitan ane tout Plan Edikasyon Endividyl yo (Individualized Education Plans, IEPs) epi yo pral pwograme reyinyon tranzisyon yo. Administratè Edikasyon Espesyal yo ap travay pou rezime reyalizasyon depatman an pou evalyasyon mitan ane a epi pou sipòte elèv yo lè pwosesis Detèminasyon Manifestasyon an dwe fèt.

Entèvansyon ki Baze sou Rechèch Syantifik (Scientific Research Based Interventions, SRBI)

N ap gade done mitan ane yo epi analize pwogrè pou 40yèm pèsantil ki anba a. Gwoup Aprantisaj Pwofesyonèl yo te rasanble ak pwofesè amelyorasyon yo pou pataje yon pwoblèm nan pratik epi jwenn resous ak estrateji pou ranfòse travay yo.

N ap gade gwoup elèv Sa a Mwen Bezwèn yo (WIN) epi nouvo gwoup yo ap kòmanse 12 fevriye.

DEVELOPMAN LIDÈ

Sipò Sible pou Ekip Dirijan Lekòl Entèmedyè ak Lekòl Segondè

Nan dat 5 fevriye, nou te lanse yon pwojè sipò sible ak TNTP. Depi 1997, TNTP te travay ak edikatè atravè peyi Etazini pou garanti elèv yo gen aksè ak bon ansèyman, kontni akademik solid, ak anviwònman sipò ki ede yo reyisi. Pwojè Nouvo Pwofesè a (The New Teacher Project, TNTP) pral travay ak ekip dirijan yo pou devlope plan fòmasyon pou dirijan yo ak aprantisaj pwofesyonèl ki cadre pou anplwaye nan sis (6) lekòl yo bay priyорite pandan yo sèvi ak done pèfòmans nan nivo lekòl ak Plan Amelyorasyon Lekòl yo. Aprantisaj ak fòmasyon sa a pral fèt sou estanda debaz komèn yo pou kou anglè (Englsih Language Arts, ELA) ak Matematik. Chak lekòl pral detèmine yon domèn konsantrasyon sou kontni selon priyòrite aktyèl li yo, done, ak objektif pou yo atenn nan fen ane lekòl 2023-2024 la. Pou atenn objektif sa yo, TNTP pral bay fòmasyon sou lidèchip chak de (2) semèn atravè yon melanj sipò endividyl ak sipò ki entegre nan travay, ki gen ladan tan planifikasyon komèn depatman ak vizit nan salklas. Yo fè sa a pou entegre aprantisaj nan atelye aprantisaj pwofesyonèl yo nan preparasyon lesón ak/oswa analiz travay elèv yo. Fòmatè ki ap dirige travay sa a yo pral asire aprantisaj pwofesyonèl la fè koneksyon ki gen rapò ak objektif distri yo ak aprantisaj la epi li adapte pou kontèks espesyal chak lekòl.

Konferans Mitan Ane yo

Nan moman sa a nan ane a, Direktè Egzekitif Developman Lidèchip yo fè yon Konferans Mitan Ane ak chak direktè. Konferans sa yo se yon opòtinite pou yo evalye done nan mitan ane a yo, evalye pwogrè nan atenn objektif Plan Amelyorasyon Lekòl la yo epi diskite sou ki mezi ak adaptasyon ki bezwen fèt pou garanti amelyorasyon kontinyèl. Epitou yo itilize reyinyon yo pou idantifye nenpòt sipò aprantisaj pwofesyonèl ekip lekòl la bezwen.

Sèvis Manje



Semèn sa a ak semèn pwochèn an, pwogram Fwi ak Legim Fre nou an jwenn enspirasyon l nan koulè wouj Jou Sen Valenten an! Legim nou an se [tomat youm nwa](#) epi fwi nou an se yon fri fanatic yo renmen, [melon](#). Semèn pwochèn nan, nou pral prezante [pwawwon wouj](#) ak [zoranj wouj](#) dous.

Nou toujou bay konpayon nou yo video edikatif Madan Kelly, ki se Nitrisyonis distri nou an

[Aprann epi Goute: Tomat Nwa "Yoom"](#)

[Aprann epi Goute: Melon](#)

[Aprann epi Goute: Pwawwon Plizyè Koulè](#)

[Learning & Tasting: Blood Oranges](#)



Epitou mwa sa a n ap selebre kilti manje Nwa nou yo ak yon repa tradisyonèl 14 fevriye, yon fason pou nou onore Mwa Istwa Nwa yo. Chartwells te prepare yon espesyal [Meni Mwa Istwa Nwa yo](#) pou Lekòl Segondè nou yo.

Etablisman

Komite Itilizasyon Tè ak Jesyon Bilding lan te vote 7 fevriye pou nou avanse kontra pou Gilbane Building Company ak Newfield Construction Group epi kòmanse pwoesisis konstriksyon pou pwojè Norwalk High School/P-TECH ak pwojè South Norwalk School la. Chak chantye pral kòmanse pwojè respektif pa yo nan dat 1ye mas la oswa anvan.

Sekirite Lekòl

Sipèvizè Sekirite Lekòl la te la nan reyinyon Direktè a ak reyinyon Asistan Direktè a ki te fèt semèn sa a sou "Triyaj Ensidan ak Jesyon-Notifikasyon". Prezantasyon an te respekte pwoesi notifikasyon ki gen pou wè ak ensidan ak sitiyasyon lekòl yo plis rankontre. Yo te bay administratè yo konsèy, pi bon pratik ak politik konsènan chak sitiyasyon sa yo. Prezantasyon sa a fè pati yon seri devlopman pwofesyonèl yo pral bay administratè nou yo pou yo ka devlope kapasite lekòl nou an yo plis pou jere diferan ensidan ki rive nan lekòl la.


Transpò

Biwo Transpò a nan tèt kole avèk NPS Communications ak Durham School Services te bay transpò otobis pou Ekspozisyon Lekòl Primè a nan Cranbury Elementary School nan dat 30 janvye a. Yo te pwograme otobis yo pou yo pran moun nan kominote BMHS, SONO, Carver, East Norwalk ak Colonial Village pou ede fanmi yo vin patisipe.




Durham School Services te ogmante 3 lòt chofè sou ekip chofè yo a, nou akeyi Lyetnan retrete NPD B. Lowe (425), ansyen elèv NHS M. White (420) ak nouvo chofè C. Boxley (407)! Durham prevwa 5 lòt estajyè pou fè tès nan 6 semèn k ap vini yo.

Sèvis Sante



Nan tèt kole ak Lion's Club, 2 elèv ki nan bezwen ki te gen gwo pwoblèm vizyon te rive jwenn egzamen zye ak linèt gratis grasa don ou yo.



Nan dat 31 janvye nou te konplete yon vizit nan Family Center pou finalize plan pou klinik Norwalk Community Health Center nan 1 Park Street. Yo te konplete desen achitekti yo.

Sibvansyon



Ekip Sibvansyon an kontinye ap chèche epi yo resevwa yon seri sibvansyon konpetitif. Reyalizasyon yo fè dènyèman yo gen ladan sibvansyon Every Child Art Grant, ki pral finanse Ekspozisyon Atizay nan Tout Distri nou an nan Norwalk Arts Space. Epitou, nou te resevwa sibvansyon Parent Trust Fund Grant lan, yon sibvansyon konpetitif ki chèche angaje fanmi yo kòm patnè k ap reflechi nan sistèm edikasyon publik nou an. N ap travay sou yon Sibvansyon Federal nan tèt kole ak Soundwaters atravè Pwogram Edikasyon ak Fòmasyon NOAA New England Bay Watershed la ki pral amelyore epi sipòte Pwogram Syans Marin nou an nan Brien McMahon.

APRANTISAJ NIMERIK AK TEKNOLOJI

Enterprise Software/Data Application

Dènyèman, nou te fè patenarya ak Sistèm Enfòmasyon sou Resouzimèm (Human Resources Information Systems, HRIS) ak Finans pou diskite sou bezwen pataje done ak lide pou amelyore pwoesis ant depatman Biwo Santral yo. Angajman sa a se yon egzanp sou fason Depatman Aprantisaj Dijital la kòmanse aplike yon estrikti gouvènans done yo pataje pa tout depatman an kolaborasyon.

Enfrastrikti/Operasyon

Depatman teknoloji a ap chèche rezoud kèk pwoblèm koneksyon ak rezo Wi-Fi nan Cranbury epi li espere ke gen yon sèvis optimal pou pi devan.

Aprantisaj Nimerik

An janveye, CMS(Biwo Santral) te prezante ak fyète senk pèfòmans "Aladdin Jr.", ki se yon efò kolaborasyon ak Asosyasyon Paran ak Pwofesè (Parent-Teacher Association, PTA) ak direktè nou an. Nou mete tèt ansanm ak Copy Center pou nou fè yon Playbill ki koresponn ak estanda Broadway yo, ki pèmèt paran yo mete anons publisite. Repons lan te favorab yon fason eksepsyonèl. Anplis de sa a, yo te itilize enprimant 3D CMS yo pou kreye akseswa enpòtan tankou lanp ekstrawòdinè Genie an.

Pandan tan sa a, Marvin te travay di pou l devlope yon espas travay, pandan li fè elèv yo travay ak TinkerCad pou reyalize plizyè pwojè konsepsyon. Steph Deeb, an patenarya ak Fòmatè Aprantisaj Nimerik Stefanie Dean,

te vin ase abil pou l anseye eleman debaz TinkerCad yo poukонт li. Premye pwojè elèv yo te gen ladan konsepsyon pòtkle ki fèt sou mezi, pandan y ap amelyore konpetans yo nan aliman, gwo upman, ak mete modèl youn sou lòt. Anplis sa a, n ap konstwi gwo lèt ki gen fòm LEGO pou bay enfòmasyon espas nan travay la.

Epitou yo te lanse yon pwogram pou Entèvansyon ak Sipò pou Konpòtman Pozitif (Positive Behavior Interventions and Supports, PBIS) nan tout lekòl la ak kreyasyon yon Jeton Marvin-Star san parèy. Jeton sa yo, Stephanie Deeb te prezante bay direktè a, pral yon eleman inovatè epi ki ka echanje nan aktivite lekòl yo alavni.

Nou vle atire atansyon w sou Doktè Daniel Kreiness, Fòmatè Nimerik nou an nan West Rocks. Apre li te fin patisipe nan Konferans Teknoloji Edikasyon Florid la, kote li te konsantre sou fòmasyon, li te devlope yon nouvo seri kou aprantisaj pwofesyonèl pou anplwaye West Rocks, ki mete aksan sou chwa elèv yo atravè teknoloji.

Tammy Malkin, yon pwofesè nan Rowayton, te fè patenarya ak Fòmatè Maria Naughthon pou fè yon lesyon WeVideo pou klas twazyèm ane li a. Elèv yo ap pwodui video de (2) minit k ap selebre lavi ak reyalizasyon pèsонаj enpòtan nan Istwa Nwa yo. Yo te aprann navige WeVideo, entegre video, imaj, ak son epi metrize ti detay nan edisyon vidyeo.

FINANS

Pewòl

Ekip Pewòl la te konplete pewòl chak De (2) Semèn nan pou dat peman 9 fevriye 2024 la. Nou kontinye travay sou tranzisyon an nan lojisyèl UKG (Solisyon Resouzimèn ak Jesyon Anplwaye) pou tan ak prezans. Nou fè konplete tout kaye travay pou faz dekouvèt politik salè yo, kategori salè, orè travay, frè pou peye ak peman pou jou konje yo. Epitou nou te konplete kaye travay sou lis konplè anplasman revèy yo ak egzijans pou enstalasyon yo. Aktyèlman la n ap konplete dènye kaye travay nou te resevwa pou nou finalize paramèt aksè itilizatè yo.

Bidjè

Ekip la ap patisipe nan fòmasyon Munis ak vil Norwalk. Ekip bidjè, pewòl ak Resouzmèn yo ap konbine efò yo pou mennen ankèt sou fason pou rann operasyon ki gen rapò ak pewòl, bidjè ak jesyon anplwaye pi senp nan Munis, paske 80% bidjè NPS la pase nan salè ak benefis yo. Evènman sa a fòmasyon ak yon evalyasyon sistèm yon pwofesyonèl Munis ap fè.

Ekip la te patisipe nan yon kontwòl objektif nan mitan ane a epi yo te avanse avèk siksè nan objektif ki gen rapò ak bidjè a an brèf, mizajou pewòl, epi devlope yon fòmil pou ranbousman frè ekolaj Future Ready a.

Ekip bidjè a te rankontre pou kreye estrateji sou pwochen etap pwosesis bidjè a, ki gen ladan etap ki gen rapò ak pwosesis bidjè ki baze sou elèv la. Yo te mete kalandriye bidjè a ajou akòz chanjman reyinyon yo. Ekip la ap tann rekòmandasyon lameri pou ogmantasyon bidjè NPS 2024-25 pou detèmine sou ki objektif nou pral bezwen travay.

Manm nan ekip sèvis manje, acha ak bidjè a te gen premye reyinyon demaraj pou sèvis manje RFP la ak evalyasyon ki pral vini nan sezon prentan sa a.

Sibvansyon

Ekip Sibvansyon an te revize fèy kalandriye ki gen rapò ak sibvansyon yo epi li te soumet yo pou yo travay sou yo nan pewòl. Epitou ekip la te patisipe nan yon Evalyasyon Resouzimèn ak Pewòl ak Munis pandan 2 jou. Yon pati nan travay pou semèn sa a se te kreye yon rezime All-Grants Tracker/GL pou voye bay Direktè Finans lan ak Siwentandan Adjwen an chak semèn. Pwosesis sa a bay yon mizajou ak yon rezime kont Gran Liv la pou sibvansyon ak yon eksplikasyon detaye sou sitiyasyon depans nou yo. Aktyèlman la a ekip la ap revize epi prepare pou pwochen nivo verifikasyon bidjè ane fiskal 2025 lan pou kont Sibvansyon ak Frè yo, ki gen ladan travay sou yon swivi ak rezime bidjè pou Tout Sibvansyon Ane Pwochén yo.

Acha/Kont Kredi

Antre Fakti Kont Kredi yo San Papye aktyèlman la a! Lè w aksepte antre fakti san papye a, sa a ofri anpil avantaj, tankou efikasite amelyore, ekonomi nan depans, presizon, ak pwoteksyon anviwònman an.

Preparasyon pou Demann pou Pwopozisyon Konpayi Jesyon Sèvis Manje distri a fè. Depatman Edikasyon Eta Connectic平 la te fè yon konferans demi jou semèn pase a pou li revize pwosesis detaye pou prepare tout detay pou apèldòf yo epi li te fè yon envitasyon pou fòmasyon chak semèn pou bay eksplikasyon sou kesyon lè y ap kolekte enfòmasyon yo. Delè pou yo bay pwopozisyon an se mitan mwa avril pou yo ka revize l epi bay prim nan mitan mwa me a.

Yo pwograme yon seyans fòmasyon sou devlopman pwofesyonèl pou sekretè administratif pou jedi 15 fevriye, sou divès fonksyon oswa pwosesis nan domèn finans. Pami sijè yo genyen finansman pou aktivite elèv, travay sou demann, kòmann acha ak diskisyon sou amelyorasyon pwosesis yo.

Finansman

Semèn sa a, ekip finansman an te fè yon konferans nan telefòn ak Michelle Dixon Education, yon konsiltan pou Depatman Sèvis Administrasyon Connectic平. Nou te diskite epi revize dekesman aktyèl pou pwojè konstriksyon Cranbury Elementary School la ki koute 45 milyon dola. Epitou nou te diskite sou fen pwojè 33 milyon dola pou Konstriksyon Jefferson Elementary School la. Nou te abòde tout kesyon, enkyetid, ak dokiman yo epi nou te pran desizyon pou nou avanse pou pi devan nan pwochen etap la. Ekip la te fè tout kontwòl epi li te travay ak ekip finansman an pou abòde dokiman sipò Norwalk High School ap bezwen pou nouvo dekesman pou pwojè a. Ekip la te rankontre ak Direkèt Etablisman yo pou revize finansman pou pwojè rezèvwa Naramake Oil la pou fè l pase nan pwochen etap la.